

# TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING 5 PRAPASKA - GKJ AMBARRUKMA

**17 Maret 2024**

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**  
(Warni liturgis Ungu, Stola/Logo/Symbol : Ichtus / Ikan)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah lan 2 (kalih) lilin ungu.*

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Pitulas Maret Kalih Ewu Kawan Likur** (17 Maret 2024). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya. Pangibadah ing wekdal punika ugi dipun giyaraken lumantar *live streaming* Youtube GKJ Ambarrukma. Sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang ngibadah ing dalemipun piyambak-piyambak utawi wonten ing pundi-pundi papan.

Sumangga Bapak, Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “*Nata Gesang Dados Imam-Imam Alit*” badhe kaladosaken dening Ibu Pandhita Dorkas Natalina.

Sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Sanga Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 9 : 1, 2), “Pamuji Konjuk Allah Ma Agung”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Ma agung kang nitahken jagad raya wah langgeng kasetyannya makluk wrata rinimatan krana sihing Pangeran jagad tentrem lan raharja lamun manut pangrehnya.

- (2) Surya, candra lan pra lintang samya nyunarken padhang,  
peksi ngoceh mawurahan wah sato kewan girang,  
tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan,  
sadaya sami memuja mring Allah Kang Makwasa.

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.)*

### 3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

*(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin, Amin, Amin.**

*(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)*

### 4. **Lektor : Sabda Introitus : Ibrani 5 : 5 – 10**

- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

### 5. **Liturgos : “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ing patunggilanipun Gusti Yesus, Gusti kita sampun katimbulan dados Imam Agung manut tatanipun Sang Malkisedhek. Panjenengane dados jalaran karahayon kang langgeng tumrap sakathahing tiyang ingkang mituhu dhumateng Allah. Pramila, kita sesarengan sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Kristen Wolung Dasa Gangsal Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 85 : 1, 2), “Kabegjaning Sejati”****

- (1) Kabegjan yekti gesang pangaji  
ngabdi mring Sang Kristus Gusti  
Dadya lantaran mrih karukunan  
katentreman kelampahan.

Refr:  
Mung Sang Kristus yeku Gusti  
Panebus kula sing pati  
gesang kawula kagem asmanya  
nggih martosken sih rahmatnya.

- (2) Kraharjan nyata gesang neng donya lelados mring Sang Pamarta  
tansah mbelani sagung sesami mrih samya manggih basuki.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Yeremia 31 : 33 - 34**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita kadhawuhan wanuh saha miturut Pangandikanipun Gusti, awit Gusti badhe tansah paring pangaksama dhumateng kita lan Gusti ugi mboten badhe ngenget-enget malih sedaya dosa kita.

Sesarengan kita cawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Seket Pada Setunggal Lan Tiga (KPK 50 : 1, 3), “Kula Keduwung”**

- (1) Saestu keduwung kula dene kirang setya  
dhinawuhan kinen tresna dhateng Allah wah sami,  
nging tan ana buk ti aduh Gusti nyuwun suci.
- (3) Saestu keduwung kula de ndlarung ing dosa,  
nadyan rinoban sih rahmat nging datan enggal mratobat,  
mangkotaken ati, aduh Gusti nyuwun suci.

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Puji panuwun sokur konjuk Paduka Gusti. Gusti ingkang mboten nate nilaraken titah kagungan Paduka. Kanthi panelangsaning manah, kawula ngakeni Gusti sedaya karingkahan kawula. Kawula tiyang ingkang mboten wanuh dhumateng Paduka. Kepara kawula asring nyingkur saha nglirwakaken pangandika Paduka. Gusti mugi paring pangaksama saha sih wilasa dhumateng sadaya karingkahan kawula punika. Nyuwun Paduka Gusti ingkang mulihaken saha nucekaken manah kawula. Wonten ing sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus, Imam Agung ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : 2 Petrus 1 : 3 - 4**

10. **Liturgos** : “Pasamuwan umat kagunganipun Gusti, Gusti sampun nimbali kita wonten ing panguwaosipun ingkang mulya. Gusti ugi maringi kita prasetya-prasetya ingkang adi sarta pinunjul, supados dados srana kangge uwal saking dayaning hawanepsu kadonyan. Kesanggeman kita menika kita ujudaken kanthi ngluhuraken asmanipun Gusti, lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Wolung Dasa Kalih Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 82 : 1, 2), “Tekading Manah Kula”**.....  
*Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Tekading manah kawula tansah ndherek mring Gusti yeku Panutan sanyata nggih Panebus sejati  
Refr:  
margining salib ingambah mbangun turut mring Allah mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.
- (2) Kula mesthi ndherek Gusti ngantos slami-laminya nggih martosken Injil suci margining tyang waluya.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**

b) **Menyanyikan Lagu Tema Masa Prapaska**

Kagem nyuraosi mangsa Prapaska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Masa Prapaska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Ku Ingin Kembali Layak**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Layakkan aku dalam kemuliaan-Mu  
Pantaskah aku dalam kekudusan-Mu  
Bila mentari ke barat kan berlalu  
Bias sinarnya b'ri petunjuk padaku.

Kini aku t'lah menyadari, Tuhan jauh ku tinggalkan  
Kini aku ingin kembali, bertobat padaMu Tuhan  
Agar doa tak terhalang, Firman Tuhan yang kupegang  
Hati ini takkan bimbang, hidup kan menjadi senang.

c) **Pandhita : maosaken Yokanan 12 : 20 - 33**

d) **Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Hosiana.**

**Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |**

**Hosi - ana Hosi - ana Hosi - a - na**

e) **Pandhita : Paladosan Khotbah**

f) **Irah-irahan: “Nata Gesang Dados Imam-Imam Alit”**

g) **Ancas : Pasamuwan nyuraosi saha kadhawuhan dados imam alit ingkang tansah nata gesang kanthi raos tulus ikhlas ngurbanaken diri pinangka raos syukur awit sih rahmatipun Gusti ingkang sampun kita tampeni.**

## 12. Pisungsung

**Imam :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti, katresnanipun Gusti tansah kababar ing gesang kita kepara tansah linuber lumintu dhumateng kita. Pramila, sumangga kita caosaken pisungsung ingkang sampun kacawisaken minangka atur panuwun sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saha pisungsung panyengkuyung HUT kaping-60 GKJ Ambarrukma saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, sinerat wonten ing **kitab Maleakhi pasal Tiga, ayat Sadasa (Maleakhi 3 : 10)** ingkang mekaten suraosipun: *“Sira padha nggawaa pisungsung prasepuluhan kabeh menyang ing gedhong parawatan, supaya ing padalemaningSun anaa tandhon pangan; tumuli Ingsun titi-priksanen, – mangkono pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi, – apa sira ora Sunwengani inebe langit, sarta apa Ingsun ora ngesoki berkah marang sira nganti luber?”*

Kita aturaken pisungsung sesarengan wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Enem Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 186 : 1, 2), “Pisungsung Konjuk Mring Gusti”**

(1) Jagad nampik sihing Allah  
nyingkur mring Sang Pamarta  
nging kula pracaya pasrah  
ngraosken sih rahmat nya

Refr:  
mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi  
wah sung pi sungsung konjuk mring Gusti  
ngaturken pratandha sokur krana berkahnya mancur.

(2) Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,  
kula bekti mring Sang Rama wit rinoban kabegjan,.....Refr:

### 13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.

- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Ibu Pandhita Dorkas Natalina lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi tansah dados imam alit ingkang tansah nata gesang kanthi raos tulus ikhlas ngurbanaken diri pinangka raos sokur awit sih rahmatipun Gusti ingkang sampun kita tampeni.

Pangibadah ing wekdal enjang punika badhe kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Tigang Atus Sanga Likur Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 329 : 1, 2), “Raharjaning Tyang Setya Mring Gusti”**

- (1) Sestu raharjanira tyang setya mring Gusti  
tansah olah katresnan lir tresna wiwitan  
mung tyang tuhu sembada sinungan makutha  
gesang langgeng ing swarga nunggil lan Gustinya.
- (2) Sestu raharjanira tyang tansah jumaga  
wah kukuh ing pracaya unggul nglawan godha  
grengseng tulus ngabekti mring Sang Kristus Gusti  
sinungan kasugihan kamulyan kaswargan.

*Sakderengipun Imam nampi Kitab Suci saking Pengkhotbah,  
Imam mejahi 1 (satunggal) lilin Prapaska (ungu) ingkang murup paling ngandhap,  
dados taksih wonten 1 (satunggal) lilin ungu murup lan 1 (satunggal) lilin pethak murup.*

- 17. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”